# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 मई 2025 भोजपुरी समाचार

भारत आ पाकिस्तान जुरते गोलीबारी अउरि सैनिक कार्रवाई रोकले पर सहमत हो गइल हवें। विदेश सचिव विक्रम मिसरी आजु नई दिल्ली में येह बाति क घोसणा कइलें। उहां के कहलीं कि पाकिस्तान क सैन्य संचालन महानिदेशक आजु दुपहरिया में संघर्ष बेराम कइले क आह्वान कइलें, जेकरे बाद चर्चा भइल आ सहमति बनल। सूत्र बतवलें कि आजु संझा पांच बजे सैनिक कार्रवाई रोकले पर सहमति बनल हौ। विदेश मंत्रालय फरियवले हौ कि गोलीबारी आ सैनिक कार्रवाई रोकले पर दुन्नो देसन के बीच्चे सौझे सहमति बनल हौ। उहां के कहलीं कि कउनो अउरियो मुद्दा पर कउनो अउरो जगहि पर बतियवले क कउनो फैसला नाहीं भइल बा। सैन्य संचालन महानिदेसक बारह मई के फिर से बतिअइहैं।

**********

भारतीय ससस्त्र बल, पाकिस्तान क लगतारे बढ़त अउर भड़काऊ कार्रवाइयन के जबाब में ओकरे तकनीकी, बुनियादी ढांचा, कमान नियंत्रण केन्द्र, रडार साइटन अउर हथियार भण्डारण के सथहीं सैन्य ठेकानन पर सटीक हमला कइले।

आजु नई दिल्ली में ऑपरेसन सिंदूर पर एगो बिसेस प्रेस वार्ता में कर्नल सोफिया कुरैशी अउर विंग कमांडर व्योमिका सिंह भारतीय ससस्त्र बलन क कार्रवाई के बारे में जनकारी दिहलिनि।

**पाकिस्तान द्वारा सैन्य ठिकानों को जानबूझकर निशाना बनाने के पश्चात भारतीय सशस्त्र बलों ने त्वरित और सुनियोजित जवाबी हमले के टेक्निकल इंस्टालेशन कमान एंड कंट्रोल सेंटर रडार साइट और हथियार भंडार को चुनकर निशाना बनाया गया। रफीकी, मुरीद, चकलाला, रहमियार खान, सुकूर और चुनिया स्थित पाक सैन्य ठिकानों पर एयर लॉन्च्ड स्टीक हथियारों, लड़ाकू जेट से प्रहार किए गए। पसूर सहित रडार साइट और सियालकोट का एविएशन बेस भी प्रसीजन एम्युनेशन से टारगेट किए गए। इन कार्रवाइयों के दौरान भारत ने कम से कम कोलेटरल डैमेज की क्षति सुनिश्चित की।**

,कर्नल सोफिया कुरैशी बतउलिनि कि पाकिस्तान सैनिकन के अगिला इलाका के ओरि बढ़त देखल गइल हौ। ई येह बाति क साफ संकेत हौ कि पाकिस्तान हालति के अउरियो बिगाड़ल चाहत हौ।

**पाकिस्तान सेना के अग्रिम क्षेत्रों में सैनिकों की डिप्लॉयमेंट बढ़ती दिख रही है, जो स्थिति को और भड़काने की मंशा दर्शाती है। भारतीय सशस्त्र बल पूर्ण परिचालन तत्परता की स्थिति में है। अभी तक सभी शत्रुतापूर्ण कार्रवाइयों का प्रभावी ढंग से सामना कर उपयुक्त जवाब दिया गया है। भारतीय सशस्त्र बल दोहराते हैं कि वे तनाव वृद्धि नहीं चाहते। बशर्ते, पाकिस्तान भी ऐसा ही व्यवहार करें।**

कर्नल सोफिया कुरैशी बतउलिनि कि पाकिस्तानी सेना पच्छिमी सीमा पर लगतारे हमला कइ रहलि हौ अउर भारत येह हमलन के परभावी तरीका से नाकाम कइ दिहले हौ। पाकिस्तान, श्रीनगर से ले के छलिया ले छब्बीस से बेसी जगहिनि पर हवाई मार्ग से घुसपैठ क कोसिस कइलस, जेहमें से जियादेतर खतरन के निस्क्रिय कइ दीहल गइल हौ। उहां के कहलीं कि पाकिस्तान हाई–स्पीड मिसाइलन क इस्तेमाल कइ के स्वास्थ्य केन्द्रन अउर स्कूलनों के निसाना बनवलस।

प्रेस वार्ता के दौरान, भारत पाकिस्तान के दुस्प्रचार क जबाब देवे बदे अपने हवाई ठेकानन क ताजा फोटउवों जारी कइलस। कर्नल कुरैशी बतवलिनि कि पाकिस्तान सरकार झूठ दावा कइले रहल कि ऊ अपने हथियार प्रणालियन से सिरसा अउर सूरतगढ़ वायु केन्द्रन के निसाना बनवलस।

बिदेस सचिव विक्रम सिमरी कहलें कि पाकिस्तान क उसकावे वाला कार्रवाई तनाव बढ़ावे वाला हौ अउर भारत एकर संयमित तरीका से जबाब दिहलस। बिदेस सचिव येह बाति पर जोर दिहलें कि पाकिस्तान नागरिकन अउर नागरिक बुनियादी ढांचा के निसाना बनवले क आपन घृणित अउर मनमाना अभियान जारी रखले हौ, खास कइ के जम्मू–कश्मीर अउर पंबाज राज्यन में।

येह बिच्चे, भारत की ओरि से सात मई के ऑपेरसन सिंदूर सुरू कइल गइले के बाद से पाकिस्तान में जैश–ए–मोहम्मद अउर लश्कर–ए–तैयबा क पांच कुख्यात आतंकवादी मारल गइले क सूचना हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर तीनो सेना के प्रमुखन के साथे बइठकी कइलें। पाकिस्तान के खिलाफ भारत क जबाबी कार्रवाई के बिच्चे ई बइठकी नई दिल्ली में प्रधानमंत्री आवास पर भइल।

येह बिच्चे केन्द्र सरकार सज्जो मीडिया चैनलन के सलाहि जारी कइले हौ कि ऊ सामुदायिक जागरूकता अभियान के अलावा अपने कार्यक्रम में नागरिक सुरक्षा, हवाई हमला क सायरन के आवाज क इस्तेमाल न करें। गृह मंत्रालय अपने बेयान में कहलें कि सायरन क नियमित इस्तेमाल से हवाई हमला क सायरन के प्रति नागरिकन के संवेदनसीलता कम हो सके ला अउर नागरिक वास्तविक हवाई हमला के दौरान एके सामान्य बाति समझि सके लें।

**********

रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह नई दिल्ली से वर्चुअल माध्यम से मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथ मिलि के बिहने लखनऊ में ब्रह्मोस मिसाइल यूनिट क सुरूआति करिहें। एकरे सथहीं उत्तर प्रदेस डिफेंस इंडस्ट्रियल कॉरिडोर के लखनऊ नोड पर दुनिया क सबसे विध्वंसक सुपरसोनिक क्रूज मिसाइस ब्रह्मोस क प्रोडक्शन यूनिट हो जाई। भारत–पाकिस्तान में तनाव के बिच्चे ई यूनिट मील क पाथर साबित होई। येह मौका पर कई गो अउरियो प्लांट क उद्‌घाटन अउर सिलान्यास कइल जाई।

**********